

LKS TEMATIK TEMA 6 BAASA SUNDA "KOMPÜTER"

Nama :

Kelas :

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

Ayo Membaca

Cing baca ku hidep bacaan di handap ieu sing tendes!

Komputer



Ku ayana kamajuan jaman dina widang teknologi, kiwari aya anu disebut komputer. Tangtu urang sarerea ngarasa heran kana kamampuh nu luar biasa ngunaan komputer. Kagunaan computer, lian ti biasa dipake ngetik, oge bisa dipake pikeun ngumpulkeun data atawa nyimpen data.

Malahan ti mimiti ngagambar nepi ka ngitung itung-itungan nu hese pisan, bisa nitahan komputer. Anu matak komputer sok dilandi kotak jenius. Mun teu kitu, upama aya jelema leuwih pinter ti nu sejen, sok pada nyebut "Uteuk komputer".

Kitu deui dina teknologi komunikasi maju luar biasa, nyaeta anu disebut internet (Internasional Network) nu mangrupa system jaringan komunikasi internasional. Kucara mangpaatkeun eta system komunikasi, sing saha wae, sarta dimana wae, bisa menta informasi ngeunaan naon wae. Malah, bisa balanja barang bari henteu kudu ninggalkeun imah. Atuh upama kabeneran jadi pengusaha, bisi hayang nawarkeun barang sanajan nepi ka luar negri teu kudu cape ngengelek, sabab cukup ku ngagunakeun eta teknologi.

Ngajawab Pananya

Pek ku hidep jawab pananya di handap anu !

1. Naon judul bacaan diluhur?
2. Sebutkeun naon wae kagunaan computer?
3. Naon anu jadi icon kamajuan jaman dina widang teknologi?
4. Naon anu disebut internet?
5. Naon manfaat system komunikasi keur pengusaha?